

DAYANE BASA RINENGA SAJRONE GEGURITAN ING ANTOLOGI *LINTANG GUMAWANG*
ANGGITANE J.F.X. HOERY

MELINDA MAHARANI

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
melindamaharani@mhs.unesa.ac.id

Latif Nur Hasan, S.Pd., M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Dayane basa rinengga sajrone geguritan mujudake *efek* sing dituwuhake lumantar rerenggane tembung-tembung lan basa dening panggurit. Karenggane basa sajrone geguritan nuduhake titikan panggurit ngripta reriptan sastrane. Salah siji reriptan sastra Jawa yaiku antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery sing nduweni lelewane basa kanthi nuwuhake dayane geguritan iku dhewe lumantar basa rinengga. Panliten iki bakal ngrembug ngenani (1) kepriye pandhapuke basa rinengga, (2) apa wae dayane basa rinengga, lan (3) apa wae piguna dayane basa rinengga. Ancas panliten iki yaiku njlentrehake pandhapuke basa rinengga, dayane basa rinengga, lan piguna dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery.

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif sing nggunakake metodhe analisis isi. Tintingan sing digunakake sajrone panliten iki yaiku tintingan stilistika lan disengkuyung pamarekan hermeneutika. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa geguritan kapilih ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery. Dhata sing digunakake ing panliten iki arupa pethikan tembung, frasa, lan ukara sajrone geguritan.

Adhedhasar panjlentrehan sing wis ditindakake, asile panliten iki nuduhake yen geguritan sing diripta J.F.X. Hoery ing antologi *Lintang Gumawang* nduweni titikan sing beda karo reriptan geguritan liyane. Titikane bisa kawawas lumantar pandhapuke basa rinengga kanthi cara ngowahi makna, ngripta makna, nggunakake tembung kawuwuhan, tembung rinangkep, pepindhan, purwakanthi, kanggo nuwuhake daya kognitif, daya afektif, lan daya psikomotorik, sarta nengenake aspek sosial lan aspek spiritual.

Tembung-tembung wigati: pandhapuk, daya, piguna, basa rinengga, geguritan.

PURWAKA

Basa rinengga mujudake rakitne tembung-tembung pinilih mawa basa sing endah. Endahe basa rinengga bisa katitik saka pamilihe tembung sing narik kawigaten, nyenengake lan edi peni. Basa rinengga keprungu edi peni yen diucapake jalaran werna-wernane basa lan diwawas manjila yen diucapake. Werna-wernane basa sing dirakit lan direngga kanthi endah mau nuwuhake daya utawa pangrasa kang nresepake ati. Dadi bab umum yen basa rinengga digawe sajrone basa pranata adicara temanten, pengetan dina-dina gedhe, pedhalangan, lan sapanunggalane.

Kajaba iku, basa rinengga uga digunakake sajrone geguritan. Alasane geguritan mujudake karya

sastra sing nengenake bab endahe basa lan ngemu surasa makna. Cundhuk yen geguritan katon endah basane, mathis ukarane, lan laras pangrumpakane. Endahe geguritan uga jalaran juru gurit trampil milih tembung-tembung sing cocog dinggo ngripta geguritan. Upamane, tembung-tembung sing dipilih kayata tembung camboran, tembung entar, dasanama lan sapanunggalane. Luwih-luwih tembung sing dipilih bisa nuwuhake kridhane swara sajrone ukara. Saliyane iku endahe geguritan bisa uga katon saka bab racike swara lan rerakite tetembungan. Upamane kayata anane purwakanthi sajrone geguritan kang katon onjo saengga ndadekake geguritan mirunggan diwaca.

Geguritan ing antologi *Lintang Gumawang*

anggitane J.F.X. Hoery dipilih dadi sumber panliten amerga sajrone geguritan iki ngandhut tembung-tembung lan basa-basa sing manjila. Ukara-ukara ing geguritan iki luwih akeh dumadi saka basa sing direngga-rengga dening juru gurit. Rerenggane basa nuwuhake kaendahan sing ndayani tumrap pamacane. Saben-saben gatra ing geguritan kaya-kaya nduweni nyawa sing ndadekake geguritan kasebut urip. *Eстетika* pamilihe tembung lan panganggane basa akeh sing dibolan-baleni njalari geguritan kasebut nduweni mantra tumrap pamaca. Bab kasebut sing narik kawigaten panliti nganggo antologi *Lintang Gumawang* minangka objek panliten iki.

Geguritan ngemu aspek-aspek sing bisa dadi pamulangan sajrone riptan sastra. Aspek-aspek kasebut yaiku aspek saintika, aspek estetika, lan aspek etika. Aspek saintika geguritan mujudake aspek seserepan, ateges geguritan mujudake sarana uga piranti piwulang. Geguritan mujudake riptan sastra sing nduweni makna siningid kanthi wujud basa cekak aos. Kanggo medharake lan njlentrehake makna isi geguritan dibutuhake pamawas seserepan sing jembar lan lanthipe pamikir supaya isi geguritan sing ditulis juru gurit bisa dingerti dening pamaca. Maca geguritan kanthi nengenake seserepan mujudake piwulang tumrap diri pamaca uga liyan. Bab kasebut mujudake aspek etik, ateges medhar kautamane isi sajrone geguritan. Nggonceki makna isi geguritan ora mung nengenake bab seserepan nanging uga bab rasa pangrasa. Aspek estetika mujudake aspek kaendahan sing nengenake rasa pangrasa sajrone riptan sastra.

Unsur geguritan diperang dadi loro yaiku lair lan batin. Unsur lair geguritan lumrahe awujud pamilihe tembung, panggunane basa-basa sing endah, unsur utawa blegger panulise geguritan sing bisa kanggo narik kawigaten pamaca. Dene unsur batin lumrahe kaya tema, piweling, rasa pangrasa lan bab-bab liya sing magepokan karo daya estetis saka geguritan kasebut. Kalorone nyawiji dadi kaendahan riptan sastra geguritan. Geguritan bisa menehi pangaribawa tumrap pamaca lumantar kaendahan wujud lan isi geguritan kasebut. Pangaribawa kasebut mujudake aspek-aspek tematik sing dituwuhake sajrone geguritan. Aspek tematik dituwuhake lumantar nilai-nilai piwulang utawa amanat sajrone geguritan. Nilai-nilai piwulang mujudake makna isi geguritan sing ngemu bab becik utawa kabecikan lan bab ala. Nilai piwulang sajrone geguritan nuduhake kaluhuran utawa kautaman sajrone riptan sastra sing diwedharake dening panggurit.

Angkah panliten iki ngenani dayane basa rinengga sajrone geguritan kanthi nggunakake pamarekan stilistika. Tinting stilistika dipilih kanggo medharake bab sing baku sajrone panliten iki, amerga stilistika mujudake ilmu ngenani cara nintingi style utawa gaya sing mligi kanggo mbabarake gagasan panggurit kanthi cara tartamtu. Tujuwane kanggo ngandharake lan njlentrehake

daya estetis sing bakal digayuh lumantar pamilihe tembung-tembung lan wujud-wujud basa sing sengaja direngga dening panggurit (Nurgiyantoro, 2017:76). Lelandhesan ilmu kasebut uga disengkuyung karo pamarekan sing cocog supaya bisa njlentrehake lan ngandharake bab sing diteliti luwih jangkep. Panliten iki nggunakake pamarekan hermeneutika kanggo nggonceki makna mawa isi sajrone geguritan. Teknik maca hermeneutik mujudake maca kanthi dibolan-baleni utawa retroaktif sawise maca heuristik (nengnanke struktur basa) kanthi aweh paugeran sastrane. Tegese maca hermeneutik luwih nengenake bab isi lan maknane. Maca riptan sastra kudu ping loro telu kanggo nemokake isi lan maknane riptan sastra kasebut. Mligine ing geguritan, maca hermeneutik luwih trep yen dicakekake ing riptan sastra wujud geguritan. Jalaran basane geguritan sing padhet lan menthes kudu bisa diwedhar maksud isi lan maknane kanthi pamawas sing jembar lan lantiping pikir. Maca hermeneutika geguritan uga nengenake endah swara nalika maca, kayata intonasi, dhuwur cendheke swara, nandhesake uni tembung lan liya-liyane supaya luwih krasa kahanane kanggo napsirake isi lan makna sajrone geguritan.

Carane panggurit nrengga basa kanggo nuduhake lelewane panggurit ngripta geguritan. Anane cara panggurit ngrakit geguritan supaya nduweni pambada karo panggurit liyane. Panggurit nduweni kalodhangan kanggo ngripta geguritan kanthi *kreativitas*. Laras karo andharane Sudjiman (1993:19) kanggo nintingi lelewane panggurit bisa diwawas saka carane nrengga utawa ngrakit riptan sastra yaiku bisa kanthi paugeran sing wis ana, proses *inovatif*, lan uwal saka paugeran sing wis ana. Cara kasebut bisa dinggo kabeh utawa ana saperangan ing bab tartamtu sing jumbuh karo karepe panggurit. Carane ngrakit basa rinengga sajrone geguritan ateges njlentrehake lan ngandharake dhapuke, tataning utawa rancangan basa sing direngga supaya dunung ing kaendahan riptan sastra. Dununge cara juru gurit ngrakit basa rinengga jumbuh yen diwawas kanthi tetembungan pandhapuke basa rinengga.

Dayane basa rinengga magepokan karo unsur pamangun sing dituwuhake panggurit kanggo medharake gagasan utawa pamikir sing dirasakake, dideleng, utawa dirungu dening panggurit. Lumantar geguritan, panggurit medharake tembung-tembung, basa-basa sing direngga lan ditulis dening panggurit minangka sarana kanggo nuwuhake daya-daya sajrone geguritan. Daya sing dituwuhake sajrone geguritan magepokan karo makna isi. Makna mujudake dayane riptan sastra sing ora baku utawa ngemu teges amba (Ratna, 2013:244). Makna sajrone geguritan tuwuh amarga anane gegayutan antarane teges lan sakabehane bab sing mangribawani sakupenge pamacane. Cundhuk yen daya sing

dituwuhake panggurit mangribawani pamacane. Geoffrey Leech sajrone Ratna (2013:244) ngandharake yen ana tipe-tipe makna gegayutan karo lelewane basa sajrone geguritan iku dhewe. Daya sing mangribawani tumrap pamaca adhedhasar tipe maknane yaiku ana daya kognitif, daya afektif, lan daya psikomotorik.

Piguna dayane basa rinengga bisa nuwuhake sipat-sipat *emotif* sing positif uga negatif lumantar aspek-aspek tematik sing dituwuhake sajrone geguritan. Jumbuh karo dayane basa rinengga sajrone geguritan, piguna dayane basa rinengga bisa mangaribawani pamikir, rasa pangrasa, lan tumindak pamaca geguritan lumantar piweling-piweling utawa amanat sajrone geguritan. Sipat positif bisa nuwuhake *emotif* ing bab becik, kayata motivasi, semangat, eklas, sabar lan liya-liyane. Sipat iki bisa ndayani dadi krenteging diri kanggo nindakake tujuwan-tujuwan kabecikan lan kawicaksanan. Dene sipat negatif bisa nuwuhake ing bab ala, kayata durjana, licik, culika, cuwa, lan liya-liyane. Sipat iki bisa nuduhake ngerti ngenani bab-bab sing ala supaya bisa kanggo kaca benggala utawa sipat sing kudu didohi supaya ora dadi angkara utawa cilaka tumrap panguripan. Mula saka iku, tuwuh konsep panliten tumrap reription sastra awujud geguritan kanthi tintingan stilistika disengkuyung pamarekan hermeneutik ngenani dayane basa rinengga sajrone geguritan kanthi irah-irahan topik “Dayane Basa Rinengga sajrone Geguritan ing Antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*”.

Adhedhasar lelandhesan sing wis diandharake ing ndhuwur, underan panliten iki ana papat, yaiku (1) kepriye pandhapuke basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*, (2) apa wae dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*, (3) apa wae piguna dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*.

Tujuwan panulise panliten iki yaiku njlentrehake pandhapuke lan dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumantung anggitane J.F.X. Hoery*. Kajaba kuwi, uga njlentrehake piguna dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*.

METODHE

Panliten iki kagolong jinis panliten kuwalitatif, jalaran bab basa kang bakal ditindingi. Jumbuh kaya panemune Djajasudarma (1993:3) panliten basa nduweni ancas nglumpukake lan nintingi dhata, sarta nyinaoni fenomena-fenomena kabasan. Lumrahe yen panliten kuwalitatif ngenani basa nggunakake metodhe dheskriptif kuwalitatif. Metodhe kasebut digunakake njlentrehake dhata-dhata kang wis kasil dikumpulake mau, diandharake kanthi rowa banjur digolongake minangka dudutan.

Adhedhasar panemune Ratna (2013:47-48)

panliten kuwalitatif arupa basa awujud tulisan iki bakal (1) munjerake bab makna lan amanat kanggo ngerteni dayane geguritan saka wujud basa rinengga sing dirakit dening juru gurit. (2) Panliten iki asipat *fleksibel* utawa bisa owah sawayah-wayah gumantung kahanan sing dumadi, mula proses nggarap panliten luwih wigati ditengenake tinimbang asil panliten. (3) Panliti mujudake instrumen utama kanggo medhar objek panliten. (4) Dhasare kalebu panliten kuwalitatif sing mujudake panliten asipat *generalisasi* ngenani bab dudutan umum sawijine kedadeyan lan kahanan ing bebrayan.

Panliten tumrap dayane basa rinengga sajrone geguritan nggunakake tintingan stilistika. Panliten stilistika dianggep panliten kanthi dhasar basa sastra sing nduweni kaendahan mawa makna. Panliten iki nлити bab gaya utawa lelewane basa sawijine karya sastra. Gaya basa sastra yaiku ragam basa sing mligi digunakake pangripta kanggo menehi unsur kaendahan teks. Panliten iki kalebu stilistika deskriptif, jalaran medharake rerenggane basa pangripta lumantar geguritan kang isine mawa makna lan informasi tumrap pamaca lan pamiyarsa. Miturut Endraswara (2013:73) stilistika dheskriptif mujudake pamarekan gaya basa minangka sakabehe ekspresi kajiwan kang kinandhut sajrone basa lan nлити nilai-nilai ekspresivitas mligi kang kinandhut sajrone basa, yaiku kanthi cara morfologis, sintaksis lan semantik. Lelewane basa kerep dadi faktor panamtu ditampa orane karya sastra dening publik sutrisnane utawa dening kritikus.

Panliten kanthi nengenake wujud lair basa sajrone geguritan saliyan nuduhake bab lelewa uga prelu diwedhar ngenani isi lan makna kanggo dingerteni guna utawa dayane reription sastra kasebut. Panliten iki nggunakake pamarekan hermeneutik kanthi teknik maca heuristik lan hermeneutik. Pamarekan hermeneutik nggunakake dhasar teori hermenutika kanggo napsirake isi lan makna (Ratna, 2013:49).

Adhedasar katrangan sing wis diandharake, pamarekan lan tatacara maca kasebut laras karo tujuwane panliten yaiku ngandharake carane panggurit ngrakit lan njlentrehake dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*. Bab carane panggurit ngrakit basa rinengga mujudake aspek lair geguritan dene bab dayane basa rinengga magepokan karo *efek* sing bisa didudut lumantar isi lan makna sajrone tema geguritan. Panliten iki bakal ditindingi kanthi stilistika lan nggunakake pamarekan hermeneutik minangka panyengkuyung panliten iki.

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku struktur basa arupa tembung, frasa, ukara, lan liya-liyane sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* sing trep karo underan panliten. Dhata sing dinggo ing panliten iki diperang adhedhasar bab sing dibahas sajrone geguritan. Supaya luwih gampang milih lan milah kanggo

dibabar dayane geguritan saka basa rinenggane. Geguritan-geguritan kasebut mujudake geguritan sing diimpun ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery, sing diterbitake dening Azzagrafika Sleman Yogyakarta taun 2015. Antologi kasebut mujudake sumber dhata sajrone panliten iki. Antologi sing ana 100 geguritan iki, sing kalebu dadi dhata panliten ana 68 geguritan.

Tatacara nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku kanthi nggunakake teknik maca *retroaktif*. Maca *retroaktif* yaiku maca kanthi dibolan-baleni supaya nemokake isi bab sing dirembug sajrone geguritan kanthi trep. Sawise diwaca banjur nggunakake dicathet teknik cathet. Teknik cathet yaiku tata cara nglumpukake dhata kanthi cara nyathet asile maca lan nyimak. Bab sing dicathet kanggo nengeri tembung-tembung sing durung dingerti tegese lan nengeri pirembugan bab-bab sing padha sajrone geguritan. Tata cara nyathet ing panliten iki ditulis banjur diwujudake klasifikasi lan kodifikasi dhata.

Klasifikasi dhata mujudake golongan dhata-dhata geguritan kanthi bab tartamtu sing dirembug sajrone panliten iki. Sawise diklasifikasikake banjur, kodifikasi dhata digunakake kanggo menehi kode utawa tenger saka dhata sing wis dipilih. Dhata sing wis dipilih banjur diseleksi lan ora ditulis kabeh, nanging dhata sing gegayutan karo undherane panliten.

Dene tahap-tahap njlentrehake dhata yaiku:

- 1) Dhata sing wis diklumpukake banjur dijlentrehake kodifikasi dhata kasebut. Wiwit saka cekakan irah-irahan geguritan, kapacak ing kaca pira lan ing pada sarta gatra pira.
- 2) Banjur njlentrehake ngenani bab sing dirembug lumantar gegambarane sajrone geguritan. Tuladhane, geguritan kanthi irah-irahan *Lintang Gumawang* nuduhake gegambarane ngenani bab gagasane panggurit.
- 3) Njlentrehake teges pandhapuke basa lumantar rerenggan tembung-tembung sing digunakake panggurit sajrone geguritan.
- 4) Njlentrehake daya sing dituwuhake lumantar basa rinengga sajrone geguritan.
- 5) Sawise dijlentrehake banjur didudut asile njlentrehan kasebut, mligine ngenani piguna dayane basa rinengga ing pethikan dhata kasebut.

Dhata-dhata sing wis dianalisis kasebut bakal disuguhake kanthi sistematikane skripsi yaiku anane bab I, bab II, bab III, bab IV, lan bab V.

ANDHARAN

Andharan lan jlentrehan dhata ing ngisor iki ngenani pandhapuke basa rinengga, dayane basa rinengga, lan piguna basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery.

Pandhapuke Basa Rinengga sajrone Geguritan Ing Antologi *Lintang Gumawang* Anggitane J.F.X. Hoery

Pandhapuke basa rinengga ing panliten iki ngandharake lan njlentrehake kepiye carane panggurit nata lan ngrancang basa, tembung, lan ukara supaya nuwuhake kaendahan sing diarani rinenggane basa utawa basa rinengga. Carane panggurit nata basa sajrone geguritan supaya nuwuhake kaendahan dhasare nduweni paugeran. Laras karo bab kasebut, carane panggurit ngrakit utawa ngrancang basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery iki diperang dadi loro, yaiku kanthi cara (1) *konvensional*, lan (2) *inovatif*.

Pandhapuke Basa Rinengga kanthi Cara *Konvensional*

Cara *konvensional* mujudake cara sing dinggo juru gurit manut marang *konvensi* utawa paugeran umum sing wis disarujuki. Cara kasebut bisa ditengeri lumantar anane (1) purwakanthi, (2) pepindhan, (3) tembung karaket wuwuhan, (4) tembung rinangkep, lan (5) tembung camboran (Padmosoekotjo, 1953).

Purwakanthi

Purwakanthi yaiku wujud gandheng utawa pangulangan sing wis kasebut ana ing wiwitan. Anane purwakanthi ing antologi *Lintang Gumawanag* iki diperang dadi telu yaiku purwaakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, lan purwakanthi lumaksita.

a. Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi guru swara yaiku pangulange swara menga utawa urip (swara *vocal*) saka tembung sing beda, kanthi diwiwiti swara mati (*konsonan*) sing padha utawa sing beda. Purwakanthi sajrone antologi *Lintang Gumawang* diperang dadi lima, yaiku purwakanthi guru swara /a/, purwakanthi guru swara /i/, purwakanthi guru swara /u/, purwakanthi guru swara /e/, lan purwakanthi guru swara /o/.

Purwakanthi guru swara sing kapisan yaiku purwakanthi guru swara /a/. Purwakanthi guru swara /a/ minangka pangulange swara vokal /a/ saka tembung sing beda, kanthi diwiwiti swara mati (*konsonan*) sing padha utawa sing beda. Bab kasebut bisa dideleng tuladha pethikan dhata ing ngisor iki.

Kadang sapanandang, rowang

Sumitra sapanan, panguripan

Kang lelaku nepusi dalan, jaman

Kang wani nasak dina-dina, bebara

(DGKS. KC 1. Pd 1 Gt 2-4)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Dakrakit Gurit Kanggo Sliramu” kalebu guru swara /a/ sing bisa dideleng saka pethikan leksikal tembung-tembung *Kadang sapanandang, rowang/ Sumitra sapanan,*

panguripan/ Kang lelaku nepusi dalan, jaman/ Kang wani nasak dina-dina, bebara. Pethikan leksikal kasebut nuduhake swara urip /a/ kanthi bisa ditegesi pangudarasane panggurit ngenani kadadane sing dialami. Panggurit manggon dadi paraga utama sing nyritakake lelakon uripe bareng mitrane. Panggurit nggambarake sesambungan antarane kadang utawa mitrane kaya dene rewange dhewe. Ing ngendi wae, memitran utawa kekancan dibutuhake nalika nglakoni panguripan. Panggurit nggambarake yen bebarengan karo mitrane nepusi dalan jaman, kaya dene ngukur dawane panguripan sing dilakoni kanthi bebarengan.

Kahanan sing digambarake panggurit ing kene kaya dene kabeh kahanan susah lan bungah sajrone memitran. Susah, seneng bebarengan nasak dina-dina karo mitra menyang ngendi-ngendi lakune, kepara nyata bisa nganti lunga bebara utawa ngembara menyang liya negara bebasan golek pangupajiwa. Swara urip /a/ ing pethikan pada kapisan gatra kapindho nganti papat iki nggambarake kahanan sing kebak kenangan. Ateges kahanan sing diwujudake panggurit kanthi rasa bungah nalika ngelingi panguripan sing dialami ing jaman kawuri bebarengan karo mitrane.

*Nganti telenging gisik
Panggah tanpa swara kumrisik*

(GP. KC 3. Pd 1 Gt 16-17)

Pethikan kasebut nuduhake anane purwakanthi guru swara /i/ sajrone geguritan. Pethikan kasebut ana ing geguritan kanthi irah-irahan “Gurit Putih” kaca 3 pada siji gatra kanembelas nganti pitulas. Guru swara /i/ bisa dideleng saka pethikan leksikal tembung-tembung *telenging*, *gisik*, lan *kumrisik*. Panggurit nggambarake rasa pangrasane ngenani pangangen-angen. Ing geguritan iki, panggurit dadi paraga utama kanggo medharake rasa kasebut. Mligi ing gatra kanembelas lan pitulas iki panggurit medharake ngenani piweling sing diolehi saka alam. Bab sing dirasakake dening panggurit ngenani kahanan sing ayem lan tentrem ndadekake dheweke bisa hening nresepi kahanan sakupenge kanthi diupamakake lumantar tembung *telenging gisik* sing bisa ditegesi ngenani samubarang sing jero banget papane. Yen digayutake karo pangrasa panggurit, telenging gisik ora liya yaiku panggalihe panggurit sing paling jero. Dene, tembung *kumrisik* bisa ditegesi swara sing digawe dening angin.

Gatra pitulas pethikan kasebut medharake pangrasane panggurit sing tetep utawa panggah tanpa ana swara kumrisik sing bisa ngganggu pangangen-angene panggurit. Ateges piweling sing bisa dijupuk saka gegambaran kasebut yaiku bab sing bisa dirasakake kanthi jero banget, ora bisa diganggu karo ramene utawa kumrisike kahanan sajabane. Purwakanthi guru swara /i/ ing ing geguritan iki nuwuhake rasa sing jero banget.

Rasa sing tuwuh saka panggalih tuwin ati panggurit menahi gegambaran kahanan sing hening lan tentem banget lumantar pangangen panggurit.

b. Purwakanthi Guru Sastra

Purwakanthi guru sastra mujudake pangulange konsonan utawa swara mati sing pada sajrone ukara. Konsonan utawa swara mati sing wis kasebut ana ing perangane ukara sing ngarep utawa sing wiwitan, dikanthi, digandheng, disebutake maneh dening perangane ukara sing manggon ing pungkasan. Ing antologi *Lintang Gumawang* uga ana purwakanthi guru sastra sing dumadi saka enem perangan, yaiku purwakanthi guru sastra /s/, purwakanthi guru sastra /k/, purwakanthi guru sastra /t/, purwakanthi guru sastra /r/, purwakanthi guru sastra /m/, lan purwakanthi guru sastra /ng/. Ing ngisor iki diandharake lan dijlentrehake siji mbaka siji perangan-perangan iku mau.

Perangan kapisan yaiku purwakanthi guru sastra /s/. Purwakanthi guru sastra /s/ minangka pangulange konsonan /s/ sing padha sajrone ukara. Pethikane kaya ing ngisor iki.

sunaring sih wilasa

(TRS. KC 10. Pd 2 Gt 7)

Purwakanthi guru sastra /s/ bisa dideleng ing pethikan *sunaring sih wilasa* ing pada kapindho gatra kapitu sajrone geguritan “Tumedhak Roh Suci” kaca 10. Pethikan nuduhake purwakanthi guru sastra kanthi ditengeri anane konsonan /s/ sing dirakit dadi sagatra. *Sunaring sih wilasa* nduweni teges gumebyare utawa sorote rasa asih katresnan sing kebak kawelasan. Ing pethikan panggurit nggambarake sorot utawa cahya asih utawa katresnan sing kebak kawelasan iku ora liya amung diduweni dening Gusti Kang Akarya Jagad.

*crita imajinasi kang mureng
dudu gambar simbuling ati mblereng*

(PB. KC 6. Pd 2 Gt 6)

Pethikan nuduhake purwakanthi guru sastra /ng/ sajrone geguritan “Pangajab” kaca 6. Purwakanthi guru sastra /ng/ bisa dideleng ing pethikan tembung *mureng*, *simbuling*, lan *mblereng* ing pada kapindho gatra nem. Pethikan nuduhake purwakanthi guru sastra kanthi ditengeri anane konsonan /ng/ sing dirakit dadi rong gatra. Pethikan ing ndhuwur nduweni teges ngenani tandha-tandha ora kepenak ati. Ing pethikan panggurit nggambarake kahanan kasebut ngenani anane crita sing katon njalari muring (ngigit-igit) ora mesthi medharake pangrasa ati sing sedhih. Panggurit medharake pangrasa kasebut kanggo nuwuhake pamawas sing becik luwih diutamakake tinimbang pamawas sing ala tumrap pamaca. Simbul utawa tandha-tandha sing ala utawa ngenani bab susah, sedhih durung mesthi nuduhake bab sing kaya mangkono uga. Nanging bisa uga simbul kuwi

mau bisa menehi warta sing luwih piguna tumrap manungsa. Purwakanthi guru swara /ng/ ing ndhuwur yen dirasakake nduweni daya pangaribawa tumrap pamawase pamaca marang lingkunganane.

c. Purwakanthi Lumaksita

Purwakanthi lumaksita mujudake pangulange tembung lingga sing padha manggon ing purwa utawa wiwitane gatra lan ing tengah utawa pungkasan gatra uga dibaleni maneh sajrone wujud sing beda, lumrahe tembung kasebut oleh wuwuhan awujud ater-ater, seselan, panambang lan liya-liyane. Purwakanthi lumaksita bisa uga diarani *repetisi* minangka wujud pangulangan utawa wujud tembung, gatra utawa ukara sing dibolan-baleni kanggo nambahi endahing geguritan. Ing antologi geguritan *Lintang Gumawang* uga ana purwakanthi lumaksita sing luwih cethane diandharake ing ngisor iki.

*Ing waliking kedhok topeng
ing waliking segara lakon
ing waliking blencong wengi
badhut-badhut ngrenda kanyatan
maling-maling ngrenda pitobat
nayang-wayang ngrenda piwulang
ninggal kudhung walulang macan
ninggal ketheg bledug lebu
ninggal pulas ayang-ayang
bali marang pribadhi
bali marang jatidhiri
bali marang Gusti*

(JD. KC 4. Pd 4 Gt 1-12)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Jati Dhiri” ing ndhuwur dumadi saka purwakanthi lumaksita, sing bisa dideleng saka pethikan pada papat gatra siji nganti rolas. Anane purwakanthi lumaksita dituduhake lumantar tembung *ing waliking* ing gatra siji nganti telu manggon ing wiwitane ukara, tembung *ngrenda* ing gatra papat nganti nem manggon madyaning ukara, tembung *ninggal* ing gatra pitu nganti sanga manggon ing wiwitane ukara, lan tembung *bali marang* ing gatra sepuluh nganti rolas manggon ing wiwitane ukaran. Tembung-tembung kasebut kalebu purwakanthi lumaksita amarga tembung-tembung kasebut dibolan-baleni supaya nyengkuyung uripe piweling ing pada kasebut. Purwakanthi lumaksita saka tembung-tembung kasebut nduweni maksud piweling kanggo pamaca supaya eling marang jati dhiri pribadine. Sakabehe bab nduweni arah ngenani apik utawa ala. Panguripan lumaku slaras saimbang, gumanti manungsa anggane netepi jejibahane minangka titahe Gusti. kabeh wangsulane bisa ditemokake yen manungsa bisa manunggal klawan pribadine tuwin jati dhirine.

Pepindhan

Pepindhan mujudake unen-unen sing ngemu

surasa pepadhan, irib-iriban, emper-emperan marang kahanan, samubarang, wewatekane samubarang utawa pawongan. Kaendahan sing dituwuhake lumantar pepindhan bisa dideleng saka tembung-tembung sing dipilih dening penggurit kanthi paugeran sing wis ana utawa kanthi cara *konvensional*. Pepindhan minangka cara *konvensional* ana sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery iki. Titikan sing khas saka geguritan iki salah sijine ana ing cara panggurit ngrakit endahing tembung lumantar pepindhan. Anane pepindhan sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* diperang dadi papat, yaiku (1) candra, (2) rumpaka, (3) bebasan, lan (4) saloka. Ing antologi iki, panggurit akeh-akehe nggunakake candra lan bebasan kanggo nuwuhake kaendahan basa rinengga. tuladhane kaya ing ngisor iki.

*jerit panalangsa
marga nalika aku lumaku katanting
donga pamujimu tumaruntun
pindha tumetesing udan mangsa ketiga
dadi patohing lumaku*

(JR. KC 20. Pd 1 Gt 6-10)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Jiarah” ing ndhuwur yaiku ngemu anane candra, sing bisa dideleng ing pada siji gatra nem nganti sepuluh lumantar ukara *jerit panalangsa/ marga nalika aku lumaku katanting/ donga pamujimu tumaruntun/ pindha tumetesing udan mangsa ketiga/ dadi patohing lumaku*. Ing ukara kasebut panggurit nggambarake kahanan kasedhihan sing ditandhang dening juru gurit minangka paraga utama (aku). Rasa nelangsa sing ditandhang dening ‘aku’ medharake rasane kanthi katanting yaiku kaya-kaya mlaku ora jejeg jangkahe (antarane rasa abot lan entheng). Kahanan kasebut dilebur kanthi donga dening ‘aku’ kanthi tumaruntun, pindha gegambaran tumetesing udan mangsa ketiga. Panggurit nyandra kahanan kasebut kanthi ukara *tumetesing udan mangsa ketiga* ateges anane pandonga ing kahanan sing sedhih bisa ngadhemake ati sing wektu iku nandhang sedhih.

*Saumpama tugu iku bisa crita
mesthi bakal murina
ora trima yen adege mung dadi pasren
nalika karesmekake rame sinubya*

(TG. KC 8. Pd 2 Gt 1-4)

Geguritan kanthi irah-irahan “Tugu” ing ndhuwur yaiku ngemu anane bebasan, sing bisa dideleng saka pethilan ukara *Saumpama tugu iku bisa crita/ mesthi bakal murina/ ora trima yen adege mung dadi pasren/ nalika karesmekake rame sinubya*. Panggurit nggambarake kahanan ora trima marang lelakon sing wis dumadi lumantar anane tugu ing sawijine papan. Bab kasebut kacethakake lumantar ukara *saumpama tugu iku*

bisa crita. Ana ing pethikan kasebut, tugu nduweni surasa makna samubarang sing adege dadi seksi. Tugu kasebut dipindhakake kanthi sipat murina yaiku rada muring ora trima. Panggurit kaya-kaya nguripake tugu lumantar tembung kahanan sing nyengkuyung sipate tugu kasebut. Bebasane adege tugu kasebut bener-bener dadi seksi, ora mung dadi pasren ateges sadherma dadi pajangan. Kahanan sing kaya mangkono wewalikan karo kahanan nalika tugu kasebut lagi wae diresmekake. Tugu kasebut bener-bener diormati kanthi pisuguh. Pethikan ing ndhuwur nuwuhake rasa pangangen sing jeru tumrap pamaca lumantar rerenggane basa panggurit kanthi prasaja.

Tembung Karakter Wuwuhan

Tembung karakter wuwuhan mujudake tembung andhahan. Tembung karakter wuwuhan sajrone geguritan minangka cara *inovatif* panggurit kanggo ngreka tembung-tembung supaya dadi manjila. Tembung karakter wuwuhan kaperang dadi papat yaiku (1) ater-ater, (2) panambang, (3) seselan, lan (4) wuwuhan bebarengan. Panganggone tembung karakter wuwuhan utawa tembung andhahan sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* dijlentrehake ing ngisor iki.

yen Sliramu lagi nata lintang ing tawang

(UL. KC 24. Pd 1 Gt 19)

Pethikan kasebut nuduhake anane tembung *nata* asale saka tembung tata antuk ater-ater anuswara {n-} mujudake tembung kriya tanduk. *Nata* nduweni teges nglakokake pakaryan kanthi cara ngrakit utawa disusun. Panggurit minangka paraga kapisan nggambarake tumindak paraga kapindho (*Sliramu*) lagi ngrakit utawa nyusun lintang ing angkasa. Ateges pethikan ing ndhuwur ngemu surasa makna yen panggurit nuwuhake gambaran paraga kapindho sajrone geguritan lagi nindakake pakaryan sing endah banget pindha nata lintang ing angkasa.

mangsa pancaroba ngendheg lakumu

(LL. KC 25. Pd 1 Gt 9)

Tembung *ngendheg* asale saka tembung *endheg* antuk ater-ater anuswara {ng-} mujudake tembung kriya tanduk. *Ngendheg* nduweni teges nglakokake pakaryan kanthi cara dikon leren, ditahan, ora dibanjurake. Panggurit minangka paraga kapisan nggambarake kahanan lumantar frasa *mangsa pancaroba* sing ngendhegake lakune paraga kapindho (*mu*). Ateges pethikan ngemu surasa makna yen panggurit nuwuhake gambaran paraga kapindho sajrone geguritan ora mbanjurake lakune jalaran kahanan sing ora kepenak.

dakanti tekaMu

ing pupusing gurit

(PSP. KC 11. Pd 1 Gt 4-5)

Tembung *dakanti* asale saka tembung sebar antuk ater-ater tripurusa {dak-} mujudake tembung kriya tanggap. *Dakanti* nduweni teges nglakokake pakaryan kanthi cara nganti, dienteni, utawa arep-arep banget. Panggurit minangka paraga kapisan nggambarake tumindak ngibadah utawa dedonga marang Gusti Agawe Gesang kanthi ngelingi tumekaning pati kanggo dheweke (panggurit). Ateges pethikan ing ndhuwur ngemu surasa makna yen panggurit nuwuhake kahanan jenjem nalika manunggaling jiwa lan ragane ngibadahe marang Gusti Allah.

Garising urip wis pinathok kodrating lakon

(LK. KC 32. Pd 3 Gt 1)

Anane seselan {-in-} sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Lakon” ing kaca 32 pada telu gatra siji nuduhake panganggone seselan. Tembung *pinathok* asale saka tembung *pathok* antuk seselan {-in-} ateges angger, ksyu utsawa pring sing ditancapeke dinggo uger-uger, tetenger, ditetepake. Yen purwa tembung awujud konsonan ora ngalami owah-owahan teges. Mung tembung kasebut yen diwaca nduweni surasa kaendahan ing pocapan. *Pathok* ing kene nduweni surasa makna angger-angger, katetepan, utawa pepesthen. Ing pethikan kasebut panggurit nggambarake pakaryan sing ditindakake utawa nuduhake lakuning panguripan pindha *pathok* sing wis dipesthekake dening Gusti Murbeng Dumadi.

kidunging panguripan tumancep pulung ati

(LK. KC 32. Pd 2 Gt 3)

Pethikan kasebut nuduhake anane seselan {-um-} sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Lakon” ing kaca 32 pada kaloro gatra telu. Tembung *tumancep* asale saka tembung *tancep* antuk seselan {-um-} ateges perangan apa-apa sing dicebloki, papan sing dicebloki, nunjem, utawa papan dunung dicubles. Yen purwa tembung awujud konsonan ora ngalami owah-owahan teges. Mung tembung kasebut yen diwaca nduweni surasa kaendahan ing pocapan. *Tumancep* ing kene nduweni surasa makna nilas sawijine lakon panguripan sing dipendhem sajrone ati. Ing pethikan ing ndhuwur panggurit nggambarake kahanan ngenani lelakon panguripan sing wis mancep ing jero ati.

temlawung

tumangsang ing sunare netra Mu

(PSP. KC 11. Pd 1 Gt 12)

Pethikan kasebut nuduhake anane seselan {-em-} sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Pinurba Sang Pepadhang” ing kaca 11 pada kapisan gatra rolas. Tembung *temlawung* asale saka tembung *tlawung* antuk seselan {-em-} ateges tembung sing dinggo medharake

rasa kanthi atur bisa diarani pakaryan dedonga utawa ngibadah. Yen purwa tembung awujud konsonan ora ngalami owah-owahan teges. Mung tembung kasebut yen diwaca nduweni surasa kaendahan ing pocapan. *Temlawung* ing kene nduweni surasa makna kahanan caturan antarane batin menyang batin, bakune donga nalika ibadah kanthi mbatin. Ing pethikan kasebut, panggurit nggambarake pakaryan ngibadah kanthi pangarep-arep marang ridhoning Gusti Kang Maha Asih.

bukti prasetyamu

(CK. KC 15. Pd 1 Gt 5)

Pethikan kasebut uga nuduhake wujud panambang {-mu} yaiku ana ing tembung *prasetyamu*. Tembung *prasetyamu* asale saka tembung *prasetya* oleh panambang {-mu}. *Prasetyamu* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake tembung sesulih pandarbe sing nyulih saka wong kapindho utawa wong kapindho sing nduweni prasetya. Ing pethikan kasebut panggurit nggambarake pranyatan marang pamaca ngenani prasetyane paraga kapindho sajrone geguritan (mu).

iki cathetan

(CT. KC 17. Pd 1 Gt 13)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Cathetan” ing kaca 17 pada siji gatra telulas nuduhake anane panambang {-an}. Wujud panambang {-an} sajrone geguritan “Cathetan” yaiku ana ing tembung *cathetan*. Tembung *cathetan* asale saka tembung *cathet* oleh panambang {-an} dadi tembung aran. *Cathetan* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake aran sawijine layang pengetan. Panggurit nuduhake samubarang awujud layang pengetan marang pamaca sajrone geguritan kasebut.

ora ana kang mara ngaruhake

(NW. KC 16. Pd 2 Gt 6)

Pethikan ing ndhuwur mujudake geguritan kanthi irah-irahan “Nawangan” ing kaca 16 pada kapindho gatra nem nuduhake anane panambang {-ake}. Wujud panambang {-ake} sajrone geguritan “Nawangan” yaiku ana ing tembung *ngaruhake*. Tembung *ngaruhake* asale saka tembung *aruh* oleh ater-ater anuswara {ng-} lan oleh panambang {-ake} dadi tembung kriya. *Ngaruhake* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake sawijine pakaryan kanthi menehi pangaribawa utawa ngaruh-aruhi. Panggurit nggambarake pakaryan ngaruh-aruhi sing ora ditindakake tumrap liyan sajrone geguritan kasebut.

Wujud wuwuhan bebarengan sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

kang lagi nyebar sihing kautaman

(PSP. KC 11. Pd 1 Gt 14)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Pinurba Sang Pepadhang” ing kaca 11 pada siji gatra patbelas nuduhake anane wuwuhan bebarengan {ka-/an}. Wujud wuwuhan bebarengan {ka-/an} sajrone geguritan “Pinurba Sang Pepadhang” yaiku ana ing tembung *kautaman*. Tembung *kautaman* asale saka tembung lingga utama kawuwuhan ater-ater {ka-} lan oleh panambang {-an} dadi tembung kahanan. *Kautaman* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake kahanan utawa sipat utama saka rasa sih katresnan. Ing pethikan kasebut panggurit medharake utamaning sipat asih, rasa tresna sajrone geguritan kasebut. Panggurit nuduhake anane piguna (saintika) saka reription sastra sing bisa ndayani pamaca kanthi nuwuhake rasa tresna asih (estetika) sajrone geguritan.

padha ora eling nalika miwiti jumangkah

(CK. KC 15. Pd 1 Gt 2)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Cengkah” ing kaca 15 pada siji gatra kapindho nuduhake anane wuwuhan bebarengan {N m-/i}. Wujud wuwuhan bebarengan {N m-/i} sajrone geguritan “Cengkah” yaiku ana ing tembung *miwiti*. Tembung *miwiti* asale saka tembung lingga wiwit kawuwuhan ater-ater anuswara {m-} lan oleh panambang {-i} dadi tembung kriya tanduk. *Miwiti* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake nindakake pakaryan saka wiwitan utawa nglekasi sawijine pakaryan. Panggurit medharakake pepeling tumrap pamaca ngenani niat nalika nglekasi sawijine pakaryan sing wis mantep arep diayahi.

Tembung Rinangkep

Tembung rinangkep utawa luwih dikenal kanthi aran dwipurwa, dwilingga, dwiwasana. Dwipurwa mujudake tembung rinangkep sing manggon ing wiwitan, lumrahe dibaleni gatra wiwitane. Dwilingga yaiku tembung rinangkep sing dirangkep utawa dibolan-baleni tembung lingga. Wujud dwilingga iki uga ana sing salin swara, mula diarani dwilingga salin swara. Pungkasan yaiku dwiwasana mujudake tembung rinangkep sing wanda pungkasane dirangkep. Ing ngisor iki andharan lan jlentrehan ngenani tembung rinangkep sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

Wujud panganggone dwipurwa sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery bisa dideleng ing pethikan dhata ing ngisor iki.

pati wis tumancep ing pepesthi

(LL. KC 25. Pd 1 Gt 14)

Pethikan kasebut sajrone geguritan kanthi irah-irahan “Lelayu” ing kaca 25 pada siji gatra patbelas nuduhake anane dwipurwa. Wujud dwipurwa sajrone

geguritan yaiku ana ing tembung *pepesthi*. Tembung *pepesthi* asale saka tembung lingga *pesthi* banjur purwane wanda dirangkep utawa dibaleni maneh. Tembung *pepesthi* mujudake tembung kahanan. *Pepesthi* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake kahanan sing wis ditemtokake dening Gusti, kersaning Gusti. Ing pethikan kasebut panggurit medharakake pangrasa pasrahe tumrap pamaca kanthi ngelingake yen bab pati iku wis dadi kersaning Gusti Allah. Piguna tembung rinangkep dwipurwa yaiku supaya tembung sing dirakit lan basa sing direngga katon endah lan nduweni nilai estetika.

Wujud dwilingga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* dijlentrehake ing ngisor iki.

ing *taman-taman* ati

(PSP. KC 11. Pd 1 Gt 15)

Tembung rinangkep linggane sajrone geguritan “Pinurba Sang Pepadhang” yaiku ana ing tembung *taman-taman*, sing asale saka tembung lingga *taman*. Tembung *taman* mujudake tembung aran. *Taman-taman* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake aran sawijine papan sing endah utamane asri kebak kembang lan wit-witan. Ing pethikan kasebut panggurit medharakake pangrasa bungahe ati pindha *taman-taman*. Piguna tembung rinangkep linggane utawa dwilingga yaiku supaya tembung sing dirakit utawa basa sing direngga dening panggurit nduweni daya mbangetake samubarang/kahanan.

Montang-manting anggonku nglari

(UL. KC 24. Pd 1 Gt 1)

Geguritan kanthi irah-irahan “Ulegan” ing kaca 24 pada kapisan gatra siji nuduhake anane dwilingga salin swara. Wujud tembung rinangkep linggane kanthi salin swara sajrone geguritan yaiku ana ing tembung *montang-manting*, sing asale saka tembung lingga *anting*. Tembung *anting* mujudake tembung aran sing ateges bandhulan ing kuping. Nanging sajrone pethikan kasebut anting kawuwuhan ater-ater anuswara {m-} dadi manting lan dirangkep linggane nganti owah swara dadi *montang-manting*. Tembung *montang-manting* sajrone geguritan kasebut nduweni teges nyethakake kahanan obah kaya diontang-anting. Panggurit medharakake pangrasane yaiku bingung anggane nglacak sawijine kedadeyan. Piguna tembung rinangkep linggane salin swara utawa dwilingga salin swara yaiku supaya tembung sing dirakit utawa basa sing direngga dening panggurit nduweni daya mbangetake samubarang/kahanan.

marga sihing peparang sadina-dina
pangeram-eram ngrabasa bawana

(AY. KC 52. Pd 1 Gt 2-3)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Ayem” ing kaca 52 pada kapisan gatra loro lan telu nuduhake

anane dwiwasana. Wujud dwiwasana sajrone geguritan yaiku ana ing tembung *sadina-dina* lan *pangram-eram*. Tembung *sadina-dina* mujudake tembung aran sing asale saka tembung lingga *dina* kawuwuhan ater-ater {sa-} lan ing pungkasan tembung dirangkep utawa dibaleni maneh. Dene tembung *pangeram-eram* mujudake tembung kahanan sing asale saka tembung lingga *eram* kawuwuhan ater-ater {pa-}+anuswara= {pang-} lan ing pungkasan tembung dirangkep utawa dibaleni maneh. Panggurit medharakake pangrasa marang kanikmatan sing diparingi Gusti Allah nganti tuwuh rasa kaelokan sing bisa njalari ngrusak jagat. Piguna tembung rinangkep dwiwasana yaiku supaya tembung sing dirakit lan basa sing direngga katon endah lan nduweni nilai estetika.

Tembung Camboran

Tembung camboran mujudake cara *inovatif* sing dinggo panggurit ngrakit endah basa rinengga sajrone geguritan. Ana rong perangan tembung camboran sing digunakake yaiku (1) tembung camboran wutuh lan (2) tembung camboran tugel utawa wancah.

prawan sunthi dolanan wedhi putih

(NG. KC 34. Pd 2 Gt 3)

Pethikan ing ndhuwur ana tembung *prawan sunthi*. Tembung kasebut mujudake gabungan saka tembung *prawan* lan *sunthi*. Tembung *prawan* ateges bocah wadon sing wis tumuju diwasa, bocah wadon sing wis wayahe omah-omah. Dene tembung *sunthi* ateges nuduhake sipate rumaja wadon sing isih cilik, paribasan isih ambu kencur, utamane arang kanggo prawan cilik. Panganggone tembung prawan sunthi sajrone pethikan ing ndhuwur yaiku medharake gambaran aran kanggo bocah wadon sing tumuju diwasa utawa rumaja wadon sing mangsane wis ganti dadi wadon diwasa. Tembung camboran wutuh sing direngga dening panggurit kaya pethikan ing ndhuwur nuduhake cara *inovatif* panggurit marang pamaca kanggo nuwuhake gegambaran kaendahan tembung aran kanggo rumaja wadon.

Wujud tembung camboran tugel sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

dhuh Sumitra

(LL. KC 25. Pd 1 Gt 7)

Geguritan kanthi irah-irahan “Lelayu” nggunakake tembung camboran tugel yaiku ing pethikan tembung *dhuh*. Tembung kasebut mujudake tugelan saka tembung *aduh*. Tembung *aduh* ateges pasambat lara, gumun, getun marang kahanan utawa samubarang, lsp. Panganggone tembung *dhuh* sajrone pethikan ing ndhuwur yaiku nuduhake rasa getun marang mitrane. Panggurit nggambarake paraga sajrone geguritan kanthi rasa getun bisa uga nggumun marang kahanan sing

dumadi, jalaran mitra sing akrab banget karo panggurit tilar donya. Panggurit medharake rasa sedhik sajrone geguritan kasebut ngenani bab sing dialami.

tekan **brang** wetan

(NW. KC 16. Pd 2 Gt 10)

Tembung *brang* sajrone pethikan kasebut nuduhake tembung camboran tugel. Tembung kasebut mujudake tugelan saka tembung *sabrang*. Tembung *sabrang* ateges tepining kali (segara) ing sisih kana, tanah-tanah sing disabrangi, kudu diliwati (kalet segara utawa pepalang liya) supaya tekan papan sing dikarepake. Panganggane tembung *brang* sajrone pethikan ing ndhuwur yaiku nuduhake papan ing sisih wetan sing kudu diliwati.

Pandhapuke Basa Rinengga kanthi Inovatif

Cara kapindho sing digunakake panggurit ngrakit basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery yaiku kanthi cara inovatif. Panggurit ndhapuk basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery diperang dadi telu yaiku (1) owah-owahane makna (*displacing*), (2) panyimpangan makna (*distorting*), lan (3) ngripta makna (*creating of meaning*) (Pradopo, 2014:215).

a. Owah-owahane Makna (*Displacing*)

Wujud owah-owahane makna sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery yaiku kaya tuladha ing ngisor iki.

Ana kang patohan karep,
udhu anggit,
nyoba nantang langit,
ropyan-ropyan cengkah kanyatan,
nrajang dalam sidhatan.

.....
(KS. KC 114. Pd 3)

Pethikan kanthi irah-irahan “Kang Siningit” nuduhake gegambaran owah-owahaning kahanan kanthi maneka kedadeyan ing kanyatan. Owahing kahanan iku wis dipesthi dadi kersane Pangeran. Nanging kedadeyan-kedadeyan sing njalari owah-owahane kahanan mujudake tumindake manungsa, sing bisa dipanggalih dhisik becik orane ing tembe. Kedadeyan ing padinan ora uwal saka sesambungan antarane sasama manungsa. Kaya pethikan ing ndhuwur, ngandharake anane adu gagasan sajrone sesambungan antarane manungsa.

Ana ing ukara *nyoba nantang langit*. Ukara kasebut nggambarake ngenani tumindake sawijine pawongan sing nduweni gagasan kanggo manggibawani liyan. Tumindak kasebut didhasari anane kekarapan sing kuwat, angel dikalahake. Tembung *langit* minangka aran sing ora sabenere kanggo didadekake mungsuh. Nanging

panggurit kanthi inovatif, ngrengga tembung kasebut kanthi ngowahi maknane *langit* minangka panguwasa agung.

Pethikan ing ndhuwur nggambarake ngenani pawongan sing nduweni kekarapan lan angel dikalahake. Surasa maknane, pawongan kasebut dudu pawongan sembarangan. Pawongan sing nduweni watek kaya mangkono, umume pawongan saka golongan dhuwur sing nduweni pangaruh gedhe tumrap pawongan sangisore. Bisa digambarake kaya pejabat, bos, pemimpin, lsp.

b. Panyimpangan Makna (*Distorting*)

Wujud panyimpangan makna magepokan karo anane makna luwih saka siji sing mbingungake (*ambigu*), wewalikane makna (*kontradiksi*), utawa tembung sing ora nduweni teges baku (*nonsense*). Ing antologi geguritan *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery wujud panyimpangan makna kaya tuladha pethikan geguritan ing ngisor iki.

Angin kang tansah nyathet suwaraku
sepi tanpa sabawa
lintang kang tansah ngentung keteg jantungku
mandheg amem
rembulan kang tansah ngosikake atiku
mungkur tanpa pitutur
srengenge kan tansah ngetutake lakuku
kadhung katrem ing pangimpen
banjur apa sing kudu katindakake
marga nalika daksawang ing langit
sing katon mega malang

(WKS. KC 45. Pd 1)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane *ambiguitas* sajrone geguritan “Wekasan” ing kaca 45. Panggurit ngrengga basa ing geguritan kasebut kaya-kaya nggambarake kahanan alam sing ngatonake endah. Nanging yen kanthi nengenake lantipe pamikir lan rasa pangrasa geguritan kasebut sejatine ngajak pamaca kanggo ngrasakake pepisahan sing dialami dening paraga “aku”. Pepisahan sing dimaksud yaiku pamitan ing pungkasan patemon. Swasana sing bisa dirasakake yaiku sepi, sendhu, amem. Anane ukara sing dikandeli mujudake ukara-ukara sing ngandhut makna ambigu. Panggurit ngrengga ukara *Angin kang tansah nyathet suwaraku* lumrahe nuwuhake kahanan bungah kanggo nggambarake kaendahan alam minangka paseksen pacaturan. Nanging gatra sangisore ana ukara *sepi tanpa sabawa* nuduhake makna sing kontradiksi karo pangarepane pamaca. Ukara kasebut ngarahake pamaca marang swasana sepi, sedhik. Ukara sing dikandeli sabanjure uga ngandharake bab kaya mangkana. Pethikan kasebut nuduhake anane panyimpangan makna kanthi ambigu.

Kajaba iku, panyimpangan makna kanthi cara kontradiksi bisa dideleng ing tuladha pethikan ngisor iki.

(96) *Apa awake dhewe iki sebenere ora badhut ing ndhuwur panggung dadi wong pengung badhut-badhut jaman kepengin ngranggeh srengenge sigar*

Apa awake dhewe iki sabenere ora maling ing tengahe laku dadi wong kesingkur maling-maling jaman kepengin ngranggeh lintang karahinan,

Apa awake dhewe iki sabenere ora wayang ing waliking kelir dadi wong kenthir wayang-wayang jaman kepengin ngranggeh rembulan sasiwir

(JD. KC 4. Pd 1-3)

Pethikan (96) dijupuk saka geguritan kanthi irah-irahan “Jatidhiri” ing kaca 4. Pethikan kasebut nuduhake anane kontradiksi sajrone geguritan. Ukara *apa awake dhewe iki sabenere sabenere ora* nuwuhake pamawas nggambarake bab sing wewalikan utawa kosok balen. Bab sing dipitakonake dening panggurit ing pethikan kasebut dicethakake kanthi gegambaran ukara sabanjure. Anane tembung *badhut*, *maling*, lan *wayang* nduweni teges sing kontras. *Badhut* lan *wayang* mujudake aran sing nduweni guna kanggo panglipur, dene *maling* wis cetha yen mujudake bab ora becik. Nanging pada-pada kasebut nuduhake yen lumantar bab apa wae, sing becik utawa sing ora becik bakal ditindakake kanggo upaya ngranggeh kakuwasan. *Badhut* sing lumrahe bisa dadi panglipur ing wayah susah tibane nduweni maksud tartamtu, bisa ndadekake wong pengung kanggo nggayuh kakuwasan. Bab kasebut nggambarake pawongan sing ora nduwe isi. *Maling* mujudake aran kanggo wong sing tumindak ora becik kanthi nyingidake barang pawongan tanpa idi. Pawongan yen wis kedanan donya bisa nindakake tumindak ala iki tanpa ndeleng kahanan sakiwa-tengene. *Wayang* mujudake sarana piwulang lumrahe ing kanyatan, nanging wayang dinggo gambarane wong kenthir kanggo nggayuh kayuwane saperangan wong.

Telung bab iku mau mujudake uwale jatidhirine manungsa minangka titahe Pangeran. Ora trep karo dhapukane. Gegambaran ing pethikan (96) nuduhake anane makna kontradiksi sajrone geguritan.

c. Ngripta Makna (Creating of meaning)

Wujud ngripta makna sajrone geguritan dituwuhake panggurit kanthi pangganggone tembung-tembung sing nduweni sesambungan uni, makna utawa surasa basane. Kaya lumrahe parikan, sajrone geguritan uga ana panganggone swara utawa uni sing dibolan-baleni kanggo ngripta makna. Tuladhane kaya pethikan ing

ngisor iki.

(97) *Antarane swara ati lan nurani wis suwe ginerus erosi gorehing dhadha nalika ngliga katungka keteg-keteg maras sapa sing ngrangkul wengi ngranti parak ora kanti iki mung sacuwil cathetan saka sekon mrambat menit saka lembaran nyandhak lembaran dadi pangeling-eling tanpa nut temrawang ing pangangen*

(DGPKP. KC 71. Pd 1)

Geguritan kanthi irah-irahan “Dhuh Gusti Punapa Karsa Paduka”, nuduhake rinenggane basa panggurit kanthi ngripta makna. Bisa kawawas pethikan ing ndhuwur, anane pandhapuke basa rinengga kanthi surasane swara sing diripta panggurit kanthi swara /i/. Kabukten ing ukara *Antarane swara ati lan nurani/ wis suwe ginerus erosi*. Banjur disambung ing gatra *sapa sing ngrangkul wengi/ ngranti parak ora kanti*. Pancen yen dirungokake pethikan kasebut ngemu purwakanthi swara /i/ nanging bab kasebut ora mung prasaja nuwuhake purwakanthi swara /i/. Swara sejajar sing diripta panggurit mujudake kaslarasan swara kanthi mbaleni swara sing padha yaiku swara /i/ kanthi maneka rerenggane tembung sing digunakake panggurit. Bab kasebut nuwuhake kaslarasan makna lan ngripta makna anyar sajrone geguritan kasebut, jalaran tuwuh iramane swara.

Geguritan ing ndhuwur nuduhake gegambarane pangangen sing jero jalaran eling marang sawijine kedadayan. Cengkahe antarane ati lan nurani ndadekake kalimput bingung. Rasa bingung mung teka nalika batin krasa sepi tanpa gondhelan utawa nglamun suwung. Jumbuh karo irah-irahan geguritan kasebut yaiku “Dhuh Gusti Punapa Karsa Paduka” nuduhake wujud pasrah marang Pangeran kanthi sumeleh marang sakabehe kersa Pangeran.

Dayane Basa Rinengga sajrone Geguritan Ing Antologi Lintang Gumawang Anggitane J.F.X Hoery

Dayane basa rinengga sajrone geguritan ing antologi *Lintang Gumawang* mujudake kakuwatan rasa utawa efek sajrone geguritan sing bisa mangribawani pamawase pamaca lumantar rinenggane basa panggurit. Dayane basa rinengga dituwuhake panggurit supaya pamaca bisa ngerti lan nangkep angkah geguritan kasebut. lumantar unsur-unsur pandhapuke basa rinengga, panggurit nuwuhake daya-daya sing tuwuh sajrone geguritan. Adhedhasar makna gegayutan karo lelewane

basa sajrone geguritan, daya basa rinengga diperang dadi telu yaiku (1) daya kognitif, (2) daya afektif, lan (3) daya psikomotorik (Leech, 1978:2; Ratna, 2013:244). Bab kasebut luwih cethane diandharake kaya ing ngisor iki.

Daya Kognitif

Daya kognitif mujudake daya sing dituwuhake magepokan karo bab utamane basa. Daya kognitif sajrone geguritan nuduhake lelewane basa kanthi makna-makna sumirat sing diwedharake. Bab kasebut mbutuhake pamikir lan pamawase sing lantip kanggo medharake makna sajrone geguritan. Ing antologi geguritan *Lintang Gumawang* bisa ditemokake pethikan-pethikan sing klebu geguritan kognitif. Luwih jangkepe diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

*Eseme rembulan ambyar nalika ngungak kamar
Pawarta kang ginawang tininggal tanpa pepoyan
Mendhung ketiga ngerog kembang gadhing
Jaman tansaya sumuk sumyah gumerah
Katrem ngeja jangka kang nate wineca
Ndaku trahing pujangga waris para lebda
Nyatane ora kuwangga miwiri lontar-lontar kang
sumebar*

(TT. KC 53. Pd 1)

Pethikan kanthi irah-irahan “Tandha-tandha” kapacak ing kaca 53, nuduhake daya kognitif sajrone geguritan sing dituwuhake lumantar rerenggane basa panggurit. Geguritan kasebut nuduhake gegambaran sasmitaning sawijine kahanan. Anane tandha-tandha utawa sasmita sing dumadi ing padinan nuduhake owah gingsire jaman. Sithik lan akehe owah gingsire jaman bisa dirasakake lumantar kedadeyan-kedadeyan sing wis ora kaya padatan ing padinan. Irarah-irahan “Tandha-tandha” dipilih amarga tembung kasebut nduweni tiba swara /a/. Cundhuk karo pada-pada sajrone geguritan kasebut sing akeh-akehe uga tiba swara /a/. Bisa kawawas ing pethikan, pada kapisan geguritan ing ndhuwur, yen ukara saben gatra akeh nggunakake purwakanthi guru swara /a/. Guru swara /a/ ing geguritan kasebut nuduhake swasana sing ngatonake mbeber sawijine kenangan utawa lelakon kawuri. Jaman sing dirasakake samangko wis beda kahanane, ora kaya padatan wingi-wingi. Kajaba kuwi, purwakanthi guru sastra uga ana sajrone geguritan kasebut. Tuladhane ing pada siji gatra siji yaiku ing ukara *Eseme rembulan ambyar nalika ngungak kamar*. Tembung *ambyar* lan *kamar* sajrone ukara kasebut nuduhake tibane wanda sing padha. Bab kasebut nuduhake rinenggane basa kanthi unsur purwakanthi guru sastra sing nambahi endahing saben ukara.

Pepindhan sajrone geguritan iki uga ana ing ukara *Jaman tansaya sumuk sumyah gumerah*. Ukara kasebut ngandharake sawijine kahanan jaman saiki sing

gampang molah malih. Tembung *sumuk* nggambarake swasana panas, nduweni daya sing ora becik utawa asale kedadeyan sing ora becik. Tembung *sumyah* nggambarake swasana seger, isis, tumrap ing kahanan tentrem. Lan tembung *gumerah* nggambarake swasana lara, sumuk utawa krasa mriyang apanas. Tembung-tembung kasebut nuduhake tembung kahanan sing lumrahe dirasakake dening manungsa. Nanging panganggane dicakake ing kahanane jaman. Mula pepindhan sajrone geguritan iki kalebu pepindhan bebasan, jalaran medharake kahanan jaman samangko diibaratake kanthi kahanan sing lumrahe dirasakake dening manungsa.

Daya kognitif sing dituwuhake sajrone pethikan kasebut nuduhake anane owah gingsire jaman. Ing wiwitane pada siji, pamaca diajak supaya mlebu marang gegambaran kahanan, mligi ing kahanane jaman. Kahanane jaman sing molah-malih nyebabake anane pitakon-pitakonan tartamtu. Tuladhane kaya mangkene, geneya kahanan jaman bisa owah? Apa sing njalari kahanan jaman bisa owah? Kepiye kahanan jaman bisa owah? Lan sapanunggalane. Pitakonan-pitakonan kasebut sing mangribawani *intelektualitas* utawa daya pamikir mligine tumrap pamaca wiwit tanggap marang kahanan sakupenge. Banjur gatra-gatra sabanjure nyethake owah gingsire jaman ginambaran *Mendhung ketiga ngerog kembang gadhing*. Ateges mangsa sing kacampur bisa diarani mangsa *pancaroba* nggugurake kembang gadhing. Mendhung akeh-akehe ana ing mangsa rendheng (mangsa udan) nanging sajrone geguritan iki dicakake ing mangsa ketiga yaiku mangsa ora ana udan. Ing kene wis katon yen gambaran owah-gingsire kahanan bisa mangribawani lelakon.

Ing pungkasanane pada, ana gatra *Ndaku trahing pujangga waris para lebda/ Nyatane ora kuwangga miwiri lontar-lontar kang sumebar*. Rong gatra kasebut nggambarake kahanan manungsane. Ibarat dicaturake rong pawongan sing nggambarake kanyatan yen piweling minangka warisan leluhur (pujangga) durung bisa ditrepake dening para generasi sabanjure. Sawise nyimak maksud saben gatra kasebut bisa tuwuh rasa ngrumangsani anane bebener sing dumadi ing kanyatan iki. Yen dirasakake owah gingsire jaman iku pesthi, nanging sapa jati dirine awake dhewe sing aja nganti lali. Melu iline jaman iku prelu kanggo wawasan lan kawruh, nanging kabeh iku kudu disaring, dipilih ndi sing trep lan sing ora trep digunakake slaras karo jati diri pribadi.

Sesambungan saka andharan ing geguritan “Tandha-tandha” bisa dianalogi kayata kahanan sing dumadi ing tanggal 13 Mei 2018 wingi. Dumadi Pengeboman ing Kutha Surabaya (<https://m.detik.com>). Larah-larahane ana pamawas saka oknum kanggo jihad, nanging carane kanthi ora becik, yaiku lumantar pengeboman. Kahanan sing kaya mangkana nggambarake

owah-owahane jaman. Patrape wong ngajak iku yen bisa ditindakake kanthi alus nut tata krama bakale nuju kabecikan. Nanging suwalike yen carane kliru kaya kedadeyan ing ndhuwur bakal nuwuhake pananggap sing ora becik. Mula kudu mawas sosial, tepa slira ing sadhengah papan iku prelu sadurunge tumindak.

Daya Afektif

Daya afektif magepokan karo bab *emosional* lumantar rinenggane basa sing dirakit panggurit. Tuwuhe reriptan sastra disengkuyung kanthi anane gambaran emosi-emosi utawa bab wedharan pangrasane panggurit sajrone reriptane. Wujud daya afektif sing nduweni sesambungan karo rasa dibedakake dadi telu yaiku rasa mujudake (1) nepsu, (2) kabagyan, kasengsem, seneng, lan (3) rasa sing kinandhut sajrone reriptan sastra iku dhewe (Ratna, 2013:249). Ing antologi geguritan *Lintang Gumawang* bisa ditemokake pethikan-pethikan sing kalebu geguritan kanthi nuwuhake daya-daya afektif. Luwih jangeke diandharake lan dijlentrehake tuladha ing ngisor iki.

*Cahya kang mencolot saka netramu
kaya lintang alihan sepasang
cumlorot manca warna ngaras bumi
bumining nurani kang lagi keplayu
nguyak tebaning kasampurnan
nglangut sinawang
sapa baya kang keduga ngranggeh*

(NDK. KC 46. Pd 2)

Pethikan kanthi irah-irahan “Ndungkap” nuduhake daya afektif sajrone geguritan sing dituwuhake lumantar rerenggane basa panggurit Diwawas saka irah-irahane, tembung ndungkap ateges bisa nyandhak. Teges kasebut nggambarake tumindak utawa upaya nggayuh kekarepan utawa bab sing dipengeni.

Bisa kawawas ing ndhuwur, gegambaran kasebut dituwuhake kanthi anane purwakanthi lumaksita. Purwakanthi lumaksita manggon ing gatra katelu lan kapapat. Ukarane yaiku *cumlorot maanca warna ngaras bumi/ bumining nurani kang lagi keplayu*. Tembung *bumi* ing pungkasane gatra katelu dibaleni maneh kanthi tembung *bumining* ing wiwitane gatra kapapat. Tembung *bumi* lan *bumining* mujudake tembung sing asale padha yaiku tembung linggane bumi. Tembung bumi dibaleni nuduhake yen aran kasebut dadi bab sing onjo sajrone geguritan kasebut.

Kajaba iku, pethikan kasebut uga nuduhake anane pepindhan. Pepindhan sajrone geguritan kasebut manggon ing ukara *cahya kang mencolot saka netramu/ kaya lintang alihan sapasang*. Ukara kasebut mindhakake polatan wanodya sing ayu banget, katon sumringahe pasuryane kaya cahyane lintang alihan. Pepindhan kasebut mujudake candra. Jalaran pasuryane wanodya

sing ayu dicandra ayune kaya-kaya cahya lintang alihan.

Daya afektif sing dituwuhake sajrone pethikan nuduhake swasana sengsem marang kaendahane wanita. Panggurit nggugah emosionale minangka wong lanang sing nduweni daya tarik marang wanita sing ayu. Dadi bab sing alami, yen wong lanang sengsem weruh wanita ayu pasuryane. Saking ayune, panggurit nganti mawasake diri yen tibane mung angenan nglangut kanggo nggayuh sesandhingan wanita kasebut. Daya afektif bisa nuwuhake emosional pamacane, daya kasebut uga bisa kasemak ing geguritan “Kabar Saka Langit”.

Daya Psikomotorik

Daya psikomotorik mujudake daya sing dituwuhake panggurit lumantar unsur-unsur rinenggane basa sing bisa nuwuhake pananggape pamaca. Daya psikomotorik sajrone geguritan dituwuhake kanthi wujud-wujud geguritan sing nduweni makna *kolokatif* utawa *reflektif*. Kalorone gegayutan karo bab-bab sing mangaribawani pamaca lumantar gambaran ekspresi lan tembung-tembung sakiwa tengene pamaca. Daya psikomotorik ing antologi *Lintang Gumawang* anggitane J.F.X. Hoery dijlentrehake kaya tuladha pethikan ing ngisor iki.

*Gumremeng rembug saka omah tengah
sineksen kaluk rokok muleg nrabas wengi
manungsa iku lair mung ijen
uga aku lan awakmu
banjur ketemu
ngrajut urip ngrenda lelakon
sepi sinasak gumehe bocah-bocah
saiki wis mungkur
.....*

(KG. KC 67. Pd 2)

Geguritan kasebut nuduhake gegambaran cecaturan antarane “aku” (panggurit) lan paraga kapindho sajrone geguritan kasebut. Pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Kang Ginari” nuduhake piweling ngenani pepethening urip iku wis digarisake dening Pangeran. Ing pethikan kasebut digambarake swasana nalika wektu lodhang wayah wengi, rong pawongan lagi cecaturan. Paraga “aku” sinambi ngudud rembugan karo paraga kapindho (bisa uga bojone). Cecaturan kasebut bisa digambarake antarane wong bale wisma. Paraga “aku” (panggurit) medharake yen sejatine, manungsa iku urip ijen. Patemon saklorone mujudake pepethining Pangeran. Wis digarisake kanggo ngenam utawa nglakoni urip kanthi laku bebarengan.

Ukara *sepi sinasak gumehe bocah-bocah/ saiki wis mungkur*// nuduhake angkah saka wong bale wisma ikun mau. Ing ngendi, dununge wong bale wisma iku nduweni putra. Pitrahe wong omah-omah yaiku nduweni momongan. Pungkasane gatra ing pada

kapindho mujudake pangajape wong bebojowan sing kepengin nduweni putra. Upayaning wong bebojowan kepengin putra tansah percaya marang kuwasa lan pesthining Pangeran. Kanthi tumemen anggane ngupaya lan dedonga, diajap kekarepane bisa digayuh kanthi ora ana alangan apa-apa.

Panggurit kanthi kreativitas ngrengga basa, kanthi sengaja nggunakake tembung-tembung kasebut supaya ngatonake kaendahane basa. Basane prasaja, nanging direngga kanthi diuwuhi ater-ater lan panambang sing ndadekake tembung-tembung kasebut dadi tembung sasulih pandarbe. Geguritan ing ndhuwur kaya-kaya bisa ngambarake uriping kahanan cecaturane pawongan. Daya psikomotorik sing dituwuhake sajrone pethikan yaiku ngenani tumanggap marang piweling tumrap manungsa supaya tansah nengenake rasa sukur marang pepesthen sing wis digarisake dening Pangeran supaya gegayuhane bisa diujudi.

Piguna Dayane Basa Rinengga sajrone Geguritan Ing Antologi *Lintang Gumawang Anggitane J.F.X. Hoery*

Piguna dayane basa rinengga mujudake aspek tematik minangka kekarepane panggurit nuwuhake daya-dayane geguritan lumatar basa rinengga. Ing bab iki ngandharake ngenani kekarepane panggurit ngripta geguritan, ancane minangka pamedhare piweling lan piwulang tumrap pamaca. Piguna dayane basa rinengga sajrone geguritan ing kene cundhuk karo anane piweling lan piwulang sing laras karo kedadeyan-kedadeyan saben dinane lan uga minangka kaca benggala ing panguripan bebrayan. Dadi hakikate basa ora mung mujudake tulisan nanging uga nduweni piguna kanggo medharake sawijine maksud lan makna tartamtu (Kaelan, 2017).

Piguna dayane basa rinengga sajrone geguritan iki diperang adhedasar aspek tematik sajrone antologi geguritan *Lintang Gumawang*. Bab sing akeh diwedhar sajrone antologi iki yaiku ngenani aspek tema sosial lan spiritual.

Aspek Sosial

Aspek sosial mujudake aspek tematik magepokan karo tema sosial. Tema sosial sajrone antologi iki medharake ngenani prinsip urip ing bebrayan. Prinsip iki slaras karo anane sesambungan antarane manungsa klawan sasamane. Kahanan sing digambarake sajrone geguritan iki kurang luwihe mujudake piweling sing diwedhar panggurit supaya bisa dionceki dhewe dening pamaca ngenani bab-bab sing dirasakake utawa dialami dening manungsa saengga bisa ngerti lan tanggap marang kahanane sasama. Prinsip urip ing bebrayan bisa dadi piwulang uga piweling tumrap pamaca supaya bisa dadi manungsa sing luwih becik, tepa slira ing sadhengah papan, lan nduweni jiwa satriya sing welas asih. Prinsip-prinsip urip ing bebrayan sajrone geguritan ing antologi

iki bisa kawawas saka geguritan-geguritan sing nduweni nilai-nilai kaslarasan urip, pamawas sosial, nuladhanu, rasa asih, lan krenteg makarya. Tuladha nilai kaslarasan urip kabukten sajrone geguritan “Biyung”, “Pangastuti”, lsp. Tuladha nilai pamawas sosial kabukten sajrone geguritan “Suhing Leluhur”, “Gondhelan”, lsp. Tuladha nilai nuladhani kabukten ing geguritan “Sumbangsih”, “Ngracik Tumaruntun Kayuwanan”, lsp. Tuladha nilai rasa asih kabukten sajrone geguritan “Sesanti”, “Pungkasan”. Tuladha nilai krenteg makarya kabukten sajrone geguritan “Napas Padesan”, “Keyakinan”.

Aspek Spiritual

Aspek spiritual mujudake piguna sing medharake nilai-nilai utawa konsep pamikir sing ngutamakake rasa marang Pangeran nalika nindakake urip ing saben dinane. Konsep utawa nilai sing diwedhar ing kene sesambungan klawan kuwasane Pangeran. Pamaca diajak mawas kekuasaan Pangeran kanthi ngangungake lan ngrasakake kedadeyan-kedadeyan ing panguripan minangka tandha-tandha kuwasane Pangeran. Hakikate Pangeran iku dumunung ana ing pangrasane saben diri pribadi. Dadi yen kepengin ngerteni sejatining Pangeran kudu bisa mawas diri, ngadohake diri saka bab-bab sing ora becik. Manungsa kudu bisa ngendhalekake hawa nepsune lan sawetara ngadohake diri saka sipat kadonyane. Andharan kasebut disengkuyung dening Mulder sajrone Yuwono (2012) minangka pamawas spiritual yen kepengin weruh utawa manunggal karo Pangeran manungsa kudu bisa gegondhelan marang rasa, ngolah rasa, saengga bisa tanggap sasmita marang kahanan. Ing ngisor iki, diandharake tuladha sing nuduhake konsep kautaman ing rasa marang Pangeran. Aspek spiritual sajrone geguritan ing antologi iki bisa kawawas saka geguritan-geguritan sing nduweni nilai-nilai tanggap sasmitaning batin, kekarepan sing kuwat, lan *meditasi*. Tuladha nilai tanggap sasmitaning batin kabukten sajrone geguritan “Nalika Sang Sabda Manjalma”, “Patohan”, lsp. Tuladha nilai kekarepan sing kuwat kabukten sajrone geguritan “Pujabrata”, “”, lsp. Tuladha nilai *meditasi* kabukten sajrone geguritan “Bendu”, “Nyawiji Ing Napasku-napasmu-napas-E”, “Astana Gunung Jati”, lsp.

PANUTUP

Adhedasar andharan asil panliten sing wis ditindakake tumrap geguritan ing antologi *Lintang Gumawang anggitane J.F.X. Hoery*, asil panliten nuduhake anane sesambungan antarane daya sing dituwuhake lan pandhapuke utawa carane panggurit ngrakit basa rinengga sajrone geguritan. Andharan asil panliten sing wis dijlentrehake ing bab sadurunge, bisa dingerteni yen J.F.X. Hoery minangka panggurit sing

nduweni kawasisan ngripta geguritan kanthi cara *inovatif konvensional* kanggo nuwuhake dayane basa rinengga sajrone geguritan. Bab kasebut dituduhake kanthi asil panliten, ngenani pandhapuke basa rinengga, dayane basa rinengga, lan piguna dayane basa rinengga.

Asil panliten kapisan ngenani pandhapuke basa rinengga nuduhake panggurit ngrakit basa rinengga sajrone geguritan yaiku kanthi cara: (1) *konvensional* lan (2) *inovatif*. Pandhapuke basa rinengga kanthi cara *konvensional* yaiku lumantar purwakanthi, pepindhan, tembung karaket wuwuhan, tembung rinangkep, lan tembung camboran. Dene pandhapuke basa rinengga kanthi cara *inovatif* yaiku lumantar owah-owahane makna (*displacing*), panyimpangan makna (*distorting*), lan ngripta makna (*creating of meaning*). Panggurit akeh nggunakake owah-owahane makna lan ngripta makna lumantar tembung-tembung rinangkep, tembung karaket kawuwuhan, nggunakake pepindhan sarta nengenake purwakanthi.

Asil panliten kapindho ngenani dayane basa rinengga sajrone antologi *Lintang Gumawang*. Dayane basa rinengga sajrone geguritan kaperang dadi telu adhedhasar carane panggurit nuwuhake makna sajrone geguritan lumantar lelewane basa, yaiku (1) daya kognitif, (2) daya afektif, lan (3) daya psikomotorik.

Asil panliten katelu ngenani piguna dayane basa rinengga sajrone geguritan. Adhedhasar aspek tematik sajrone antologi *Lintang Gumawang*, akeh-akehe ngrembug ngenani tema-tema sosial lan spiritual. Aspek sosial sajrone antologi *Lintang Gumawang* magepokan karo prinsip urip ing bebraya. Aspek kasebut mujudake piwulang lan piweling sing piguna tumrap bebrayan kanthi nengenake nilai-nilai: (1) kaslarasan urip, (2) pamawas sosial, (3) nuladhani, (4) rasa asih, lan (5) krenteg makarya. Dene ngenani aspek spiritual yaiku konsep-konsep pamikir ing tumindak kanthi nengenake rasa mawas diri, mulat sasira, lan pasrah. Konsep kasebut bisa tuwuh kanthi nglatih: (1) tanggap sasmitaning batin, (2) kekarepan sing kuwat, lan (3) meditasi.

Saka asil panliten katelune, bisa didudut yen J.F.X. Hoery mujudake pangripta sing mumpuni ing bidhang spiritual. Kajaba iku, kawasisane ngrengga basa sajrone geguritan kanthi *inovatif konvensional* ngasilake reriptan sastra sing ngemu unsur estetik, etik, lan saintik saengga nuwuhake daya-daya sing mangribawani tumrap pamaca.

Pamrayoga tumrap panliten sing bisa diwenehake yaiku tumrap pamaos mligine ing bidhang basa lan sastra lan panliti sabanjure. Tumrap pamaos becike bisa mawas kanthi tumemen saengga bisa nuwuhake pamawas sing selaras karo tujuwane pangripta medharake gagasan lumantar reriptan sastrane. Mligi pamaos sing uga nyinaoni ngenani basa lan sastra bisa melu udhu panemu supaya kawasisan maca lan ngerteni

reriptan sastra tansah tikel matikel. Dene tumrap panliti sabanjure yaiku bisa nliti kanthi wicaksana lan tliti sajrone pirembungan saengga bisa nuwuhake asil panliten sing luwih becik lan bisa dadi panliten sing relevan tumrap pasinaon ing bidhang stilistika.

Kajaba iku, panulis uga nduweni pangajap supaya tulisan iki bisa nambahi wawasan tumrap panulis kanggo nambahi kawruh ngenani sastra lan panliten sastra. Panliten iki uga dikarepake kanggo bisa dadi rujukan kanggo panliten-panliten liyane sing saemper, saengga bisa ngandharake tintingan sing luwih jembar lan luwih jero kawruhe, uga bisa didadekake bahan kapustakan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing pawiyatan lan sekolahan.

KAPUSTAKAN

- Djajasudarma, Fatimah. 2010. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT. Eresco Bandung.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodolog Penelitian Satra Epistemologi, Model, Teori lan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Hartadi, Budi. 2018, 13 Mei. *Bom Meledak di 3 Gereja di Surabaya*. Dikutip 16 Juni 2019 dari <https://m.detik.com/new/berita/d-4018010/bom-meledak-di-3-gereja-di-surabaya>.
- Kaelan. 2017. *Filsafat Bahasa Hakikat dan Realitas Bahasa*. Yogyakarta: Paradigma.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____, Burhan. 2017. *Stilistika*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngrengreng Kasusastran Djawa I*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing Bahasa Djawa.
- _____. 1960. *Ngrengreng Kasusastran Djawa II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing Bahasa Djawa.
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2014. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2008. *Teori, Metode, Dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Yuwono, Prapto. 2012. *Sang Pamomong (Menghidupkan Kembali Nilai-Nilai Luhur Manusia Jawa)*. Yogyakarta: Adiwacana.